



Pou Piblikasyon Imedya: 3/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN NOUVO 'BIWO AKSÈ LENGUISTIK' LAN  
POU SIPÈVIZE POLITIK AKSÈ NAN LANG KI KODIFYYE EPI ELAJI NAN TOUT  
ETA A**

*Politik lidè nan peyi a, apiye epi amelyore sèvis aksè nan lang pou Nouyòkè ki  
gen metriz ki limite nan lang anglè yo*

**Egzije ajans eta yo pou tradui dokiman vital yo an 12 lang ki pa anglè yo pale pi  
souvan nan Eta a**

*Bay fleksibilité pou ajans yo ajoute lòt lang ki baze sou bezwen lenguistik  
rejyonal ak lòt faktè yo*

**Nouvo biwo a ap sipèvize Politik la epi bay oryantasyon ak sipò nan ajans eta yo**

**Plan aksè lenguistik ajans eta yo disponib [isit la](#)**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman Biwo Aksè Lenguistik la pou sipèvize epi bay oryantasyon sou politik aksè lenguistik ki elaji nan tout eta a, ki te kodifye nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 ki te adopte a. Sa ranfòse plas New York antanke yon lidè nasyonal nan aksè lenguistik pou epi reyalize yon angajman ki te fèt nan ajennda sou Sitiyasyon Eta Gouvènè Hochul la an 2022. Kodifikasyon politik aksè lenguistik nan tout eta a ki se lidè nan peyi a ak etablisman Biwo Aksè Lenguistik la (Office of Language Access) se etap ki enpòtan ki apiye epi amelyore aksè nan sèvis Eta yo pou Nouyòkè ki gen metriz limite nan lang anglè yo, ke anpil nan yo se imigran..

"Estat Libète ki nan pò nou an ki di mond lan ke New York akeyi nenpòt moun ak tout moun," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, n ap rann li pi fasil pou tout Nouyòkè benefisyé de tout sèvis ak resous eta nou an genyen pou ofri lè nou fè baryè lang yo tonbe. Lè nou sipòte imigran yo ak lòt moun k ap eseye konstui pi bon lavi pou tèt yo ak fanmi yo, n ap rann yon bagay klè: Eta nou an akeyi w epi selebre w."

Nouvo lwa aksè lenguistik la kodifye epi elaji politik aksè lenguistik la nan tout eta New York lè li egzije tout ajans egzekitif Eta yo ki bay sèvis oswa benefis dirèk yo pou bay sèvis entèpretasyon nan nenpòt lang. Anplis, ajans ki aplikab yo dwe tradui dokiman vital yo nan 12 premye lang ki pa anglè yo pale pi souvan yo dapre done Biwo

Resansman an pibliye yo. Lang sa yo aktyèlman se, Espanyòl, Chinwa, Ris, Yidish, Bengali, Koreyen, Kreyòl Ayisyen, Italyen, Arab, Polonè, Fransè, ak Oudou.

Ajans eta yo ap genyen opsyon tou pou ofri jiska kat lang anplis 12 sa yo ki obligatwa yo baze sou faktè tankou bezwen aksè lengwistik rejjonal, kantite imigran ki fèk rive ki gen metriz limite nan anglè, kòmantè gwoup kominotè yo, ak popilasyon moun ki gen metriz limite nan anglè ke diferan ajans sa yo sèvi pi souvan yo. Lòt lang sa yo, ke chak ajans ap deside nan konsiltasyon ak Biwo Aksè Lengwistik la, ap bay fleksibilite ki enpòtan pou reponn ak bezwen aksè lenguistik atravè diferan ajans ak nan zòn diferan eta a.

Bidjè Eta a te mete sou kote 2 milyon dola finansman pou etablisman Biwo Aksè Lenguistik la, k ap fonksyone nan Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services, OGS) epi bay sipèvizon ki enpòtan ak kowòdinasyon atravè ajans Eta yo pou asire ke nouvo lwa sou aksè lenguistik la aplike nan fason ki efisyen epi efikas. Sa genyen ladan I finansman ki disponib pou lòt ajans Eta yo tradui dokiman yo nan lòt lang ke nouvo lwa sa kouvari yo.

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare**, "OGS fyè pou I se fwaye nouvo Biwo Aksè Lenguistik Eta New York la epi sipòte angajman Gouvènè Hochul pou bay Nouyòkè i gen metriz limite nan anglè yo aksè ki amelyore nan sèvis gouvènman yo. Nouyòkè ki gen metriz limite nan anglè yo jwe yon wòl esansyèl nan ekonomi eta nou an epi yo fè pati entegral kominote nou yo. Yo merite aksè san pati pri nan dokiman, enfòmasyon, ak sèvis vital yo. Nou fyè pou nou travay ansanm ak ajans Eta yo pou amelyore sèvis kliyan pou kominote nan tout eta yo."

**Direktè Egzekitif Biwo Aksè Lenguistik Eta New York la, Margarita Larios, te deklare**, "Lè li tabli Biwo Aksè Lenguistik la pou devlope epi aplike politik aksè nan lang kodifye li a, Eta a reafime angajman li nan egalite pou tout Nouyòkè. Sa a se yon etap enpòtan nan pakou nou pou abòde disparite pou moun Eta New York yo, espesyalman sa baryè lang yo pwovoke yo. Ak lansman Biwo Aksè Lenguistik la, n ap etabli fondasyon pou asire ke Nouyòkè ki pa pale, li oswa ekri anglè byen yo ka gen aksè epi benefisyè nan fason ki enpòtan nan pwogram Eta yo. Mwen onore pou te nonmen pou sipèvize travay k ap pote transfòmasyon sa epi mwen rekonesan ak Gouvènè Hochul ak Komisè OGS la Jeanette Moy pou angajman yo pou reponn ak bezwen kominote ki gen metriz limite nan anglè yo."

Anons sa yo make yon ekspansyon ak amelyorasyon nan politik aksè lenguistik ki egziste New York la, ke yo te mete anplas pa dekrè egzekitif an 2011. Lè yo te premye mete politik sa anplas, yo te egzije ajans yo tradui dokiman yo nan sis premye lang ki pa angle yo pale pi souvan yo, epi an 2021 li te ogmante a 10.

Konfòmeman ak lwa sou aksè nan lang lan, chak ajans Eta dezien dapre nouvo lwa a yon kwoòdinatè aksè lenguistik k ap travay ak OLA pou asire konfòmite ak pèfòmans mezi a. Yo egzije ajans yo tou pou pibliye yon plan aksè lenguistik 90 apre lwa a antre

anvigè, epi chak de zan apre. Ou ka jwenn plan aksè lenguistik ajans lan aktyèlman sou [sitwèb OLA a](#). Plan aksè lenguistik chak ajans genyen sa yo ladan l:

- Tit dokiman ki tradui yo ak lang ke yo disponib nan yo.
- Enfòmasyon sou anplwaye bileng ak lang yo pale.
- Yon plan kontwòl entèn.
- Yon deskripsyon kijan ajans lan gen entansyon avize piblik la de sèvis asistans nan lang li ofri yo.
- A plan fòmasyon pou anplwaye ajans lan ki genyen ladan I fòmasyon chak ane sou politik aksè lenguistik ajans lan ak fòmasyon sou kijan pou bay sèvis asistans lenguistik.
- Enfòmasyon sou pwosesis ajans lan pou detèmine si I ap bay lòt lang tradiksyon apre 12 lang lalwa egzije yo.
- Idantite kowòdinate aksè lenguistik ajans lan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418